

Èske ou PARE?

Kèk katastwòf frape san avètisman. Èske ou te reflechi sou rezèv w ap bezwen pi plis yo? Anjeneral, y ap pi difisil pou jwenn. Fè pitit ou yo ede rasanble rezèv yo pou twous ijans fanmi ou. Sa ap pote yon sans soulajman, epi sa ap bay timoun ou yo yon santiman endepandans.

Asire ou gen ase rezèv pou dire pandan omwen twa (3) jou. Reflechi sou kote w ap viv ak sa ou bezwen. Anvizaje gen yon gwo twous lakay ou, ak pi piti twous pòtatif nan vwati ou oswa nan espas travay ou.

Si yon gwo tanpèt ap vini...

- ✓ Plen vwati ou avèk gaz
- ✓ Plen sache plastik yo avèk dlo epi mete yo nan frizè a
- ✓ Pran lajan kach anplis nan labank
- ✓ Achte medikaman sou preskripsyon yo

Lis Rezèv pou Ijans

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Kantite manje ki p ap gate pou dire 3 jou (fwi sèk, pwason ton nan bwat konsèrv, manba, elatriye) <input type="checkbox"/> Kle pou louvri bwat <input type="checkbox"/> Asyèt katon, goblè plastik ak istansil plastik, sèvyèt papye <input type="checkbox"/> Lenjèt imid pou rense dwèt, sache fatra ak atach plastik pou ijyèn pèsònèl <input type="checkbox"/> Dlo – omwen yon galon pou chak moun pa jou pou bwè ak atik pou ijyèn <input type="checkbox"/> Twous premye swen <input type="checkbox"/> Medikaman sou preskripsyon ak linèt <input type="checkbox"/> Sak pou kouche oswa kouvrelti tyèd pou tout moun ki nan fanmi ou <input type="checkbox"/> Chanjman rad nan omwen 3 jou, ansanm ak soulye solid; konsidere tan kote w ap viv la <input type="checkbox"/> Alimèt nan bwat ki p ap pran dlo <input type="checkbox"/> Bwòs dan, pat dantifris, savon ak lòt atik pèsònèl <input type="checkbox"/> Atik pou ijyèn fanm <input type="checkbox"/> Ekstenktè <input type="checkbox"/> Kle ajistab oswa pens pou fèmen sèvis piblik <input type="checkbox"/> Mask pou pousyè, ak bach plastik ak adeziv an twal, pou ede ou filtre lè kontamine <input type="checkbox"/> Radyo ki fonksyone avèk pil oswa avèk manivèl ak pil siplemantè <input type="checkbox"/> Flach ak pil siplemantè <input type="checkbox"/> Telefòn selilè avèk chajè, batri siplemantè ak chajè solè | <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Siflè pou siyale pou mande èd <input type="checkbox"/> Ajan klò (klowòks) pou kay ak gout medikaman (lè klowòks la fonn, nèf pati dlo pou yon pati klowòks. Ou kapab itilize klowòks la kòm dezenfektan. Oswa nan yon ijans, ou kapab itilize li pou trete dlo a avèk 16 gout klowòks likid regilye kay pou chak galon dlo. Pa itilize klowòks ki gen odè klowòks non-dekoloran oswa klowòks ki gen ajan netwayaj ladan. <input type="checkbox"/> Kat jeyografik lokal <input type="checkbox"/> Lajan kach oswa chèk vwayaj <input type="checkbox"/> Dokiman referans pou ijans tankou yon liv premye sekou oswa enfòmasyon nan sitwèb www.ready.gov <input type="checkbox"/> Dokiman enpòtan fanmi ou tankou kopi kontra asirans, dokiman idantifikasyon ak dosye kont labank nan yon bwat pòtatif ki p ap pran dlo <input type="checkbox"/> Rezèv pou bèt kay <input type="checkbox"/> Lèt an poud ak kouch pou tibebe <input type="checkbox"/> Papye ak kreyon <input type="checkbox"/> Liv, jwèt oswa jwèt kastèt (kite timoun ou yo chwazi bagay sa yo poukont yo!) <input type="checkbox"/> Nounous pitit ou pi renmen oswa kouvrelti pou sekirite <input type="checkbox"/> Manje bèt kay ak dlo siplemantè pou bèt kay ou |
|---|---|

Pa bliye panse a tibebe yo, granmoun aje yo, bèt kay yo, oswa nenpòt manm fanmi ki gen bezwen espesyal!

